

Pake Enfòmasyon

346 Union

346 Somerville Ave, Somerville MA

(Apatman Lokasyon)

Pake sa a gen enfòmasyon espesifik sou pwosesis aplikasyon pou apatman lokasyon ki gen Restriksyon sou Revni yo ofri nan 346 Union atravè Òdonans Enklizyon Zonaj Somerville. Divizyon Lojman Biwo Planifikasyon Estratejik ak Devlopman Kominotè (OSPCD) ak 346 Union envite'w li enfòmasyon sa yo epi soumèt yon aplikasyon. **Tanpri pasyante ak pake sa a jiskaske ou lwe yon apatman paske li pral yon gid itil pandan tout pwosesis la.** Premye apatman yo pral pare pou lokatè rantre ladan yo nan ete 2023.

APLIKASYON YO DWE SOUMÈT (SE PA DAT POU BAY LI LAPOS) A 2:00 PM, nan dat 4 Me 2023 POU PI TA.

Aplikasyon yo ka soumèt fason sa yo:

RANPLI E VOYE APLIKASYON AN ANLIY LA:

www.jotform.com/SEBHousing/union346

Kourye: SEB Housing
Re: 346 Union
257 Hillside Ave
Needham, MA 02494
Nòt: SEB Housing fèmen pou piblik la kounye a men gen yon Dropbox SEB sou plas!

OUBYEN

Lokal pou Depoze nan Somerville:
373 Highland Ave
(Nan Somerville men pa sou sit!)
Anba anga vèt, bwat kourye nwa sou mi nan rantre a
Nòt: Aplikasyon ki depoze nan
373 Highland Ave Drop Box
P'AP revize avan dat limit la

OUBYEN

Eskane/Imèl: info@sebhousing.com

OUBYEN

Faks: 617-782-4500

Premye Seyans Enfòmasyon an ap fèt nan dat 10 Avril 2023 a 6:00pm atravè Zoom e
Dezyèm Seyans Enfòmasyon an ap fèt nan dat 24 Avril a 6:00pm atravè Zoom
(Ale nan zoom.com/join oubyen rele (646) 558-8656 epi rantre Kòd Reyinyon: 818 9317 7595, Modpas: 088159 oubyen atravè apèl konferans: 646-558-8656, Kòd Aksè: 81893177595#)

Pou kesyon tanpri voye imèl bay 346Union@sebhousing.com oubyen rele 617-782-6900 x1, x1

Pou TTY rele 711. Pake Enfòmasyon kreye pa SEB Housing, LLC



Tabel Kontni

Apèsi Jeneral ak Lwaye	paj 3
Revni (Maksimòm ak Minimòm).....	paj 4
Kondisyon Kalifikasyon.....	paj 5
Byen ak Limit Byen.....	paj 7
Kondisyon sou Gwosè Menaj.....	paj 9
Enfòmasyon sou Preferans.....	paj 10
Pwosesis Etap-By-Etap ak Kalandriye	paj 11
Etap 1a: Aplikasyon pou Lotri a.....	.paj 12
Etap 1b: Lotri a.....	paj 12
Etap 1c: Lis Atant Ak Rezulta Lotri a.....	paj 13
Etap 2: Sètifikasiyon Pwogram	paj 14
Etap 3: Verifikasiyon Pa Biwo Kontra Lwaye ak Chwa Inite.....	paj 15
Revizyon Anyèl Kalifikasyon Ak Lwaye	paj 16
Enfòmasyon sou Inite Aksesib pou Andikape.....	paj 18
Dat Enpòtan.....	paj 20

APÈSI JENERAL AK LWAYE

346 Union se yon konpléks 94 inite apatman lokasyon ki sitiye nan 346 Somerville Ave in Somerville. 7 nan apatman sa yo pral lwe bay menaj ki gen revni egal oswa pi ba ke 50% nan Zòn Medyan Revni an (AMI), Yo pral lwe 7 apatman diferan bay menaj ki gen revni ant 50% ak 80% AMI, epi 4 apatman diferan pral lwe bay menaj ki gen revni ant 80% ak 110% AMI. Lis Atant yo pral etabli pa lotri ki fèt 31 Me jan yo detaye sa nan paj apre yo. Rezidans yo pral gen Rezidans yo pral gen aparey Nerjaveèi asye, kontwa Quartz, pakè modèn fini, machin pou lave ak seche rad nan inite w la ak pwopriyete a gen sa ki annapre yo yon Sal Kominote Sal ak Tabli Do-menaj. Tout inite yo se bète menaj zanmitay ak 100% pa lafimen. **PA gen okenn plas pakin nan biling sa a. Lokatè ki gen machin ap bezwen fè aranjman pou pakin nan lari.**

Tip Initie	Inite ki aksesib pou moun andikape (DA) ak moun ki gen pwoblèm tande (HI)	Revni Anyèl Bri Minimòm	Gwosè Minimòm Menaj la	Gwosè Apwoksimatif (kapab chanje)	Kantite Douch	Nimewo Initie	Lwaye Pa Mwa (pa konte sèvis piblik + pakin **)
Sèt (7) Apatman 50% AMI							
Estidyo	1 DA	\$29,448*	1	427-458 pye kare	1	5	\$1,075
1 Channm	1 DA	\$31,560*	1	503-546 pye kare	1	2	\$1,095
Sèt (7) Apatman 80% AMI							
Estidyo	1 HI	\$49,101	1	384-531 pye kare	1	6	\$1,418
1 Channm	Pa Aplikab	\$49,101	1	531 pye kare	1	1	\$1,464
Kat (4) Apatman 110% AMI							
Estidyo	Pa Aplikab	\$78,301	1	353-486 pye kare	1	4	\$1,806-\$2,932*

Lokatè yo responsab pou peye montan total lwave a chak mwa. Tout lokatè yo responsab pou peye tout kouran, dlo ak egou (chofaj, dlo cho ak kuizin se sou kouran). 50% ak 80% Pri lwave yo pa baze sou revni chak aplikan (sòf si yo deja gen yon koupon Seksyon 8 oswa yon lòt ki parèy). Lwave pou inite 50% ak 80% AMI yo fikse chak ane pa pwogram HUD HOME epi yo kapab chanje chak ane.

***Tanpri note, 80% ak 110% Minimòm AMI ki endike yo baze sou gwosè yon menaj ki ekivalan a kantite chanm nan inite ou chwazi a. Pou limit aktyèl revni MINIMÒM AK MAKIMÒM ki baze sou gwosè menaj la pou 80% ak 110% inite yo, tanpri gade tablo ki anba a.*

Limit Revni (Limit Revni yo se Revni BRI)			
Kantite moun nan menaj ou	Maksimom Revni pou 50 % inite AMI	Maksimom ak Minimom Revni: 80% inite AMI	Maksimom ak Minimom Revni: 110% inite AMI
1	\$49,100	\$49,101 a \$78,300	\$78,301 a \$107,954
2	\$56,100	\$56,101 a \$89,500	\$89,501 a \$123,376

346 Union pa fè diskriminasyon nan seleksyon aplikan yo sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, reliyon, andikap, laj, zansèt, timoun, kondisyon familyal, enfòmasyon jenetik, eta sivil, moun k'ap resevwa asistans piblik,

relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite sekyèl, estati veteran/militè, oswa nenpòt lòt baz lalwa entèdi. Moun ki gen andikap yo gen dwa pou mande yon aranjman rezonab nan règ, politik, pratik, oswa sèvis, oswa pou mande yon modifikasyon rezonab nan lojman an, lè aranjman oswa modifikasyon sa yo ta nesesè pou bay moun ki gen andikap yo yon opòtinite egal pou yo itilize epi jwi lojman an.

Q: Konbyen tan apatman yo deziyen yo ap kontinye fè pati Pwogram sa a?

A: Apre'w fin bote, lokatè yo pral sètifye revni chak ane epi yo ap konsidere yo kòm revni kalifye pou inité ki gen restriksyon sou revni yo pou tout tan revni anyèl bri menaj la pa depase 140% limit revni ki aplikab nan moman an pou gwochè menaj yo a pou inité kote yo rete a. (*gade revizyon anyèl kalifikasyon ak pri lwave pou plis detay*). HUD fè mizajou nan limit revni menaj yo chak ane. Pou inité 50% ak 80% AMI yo, si pri lwave HUD HOME yo ogmante oswa bidjè pou sèvis publik yo diminye, lwave yo ap ogmante. Tanpri sonje ke premye pri lwave yo baze sou pri lwave 2022 HUD HOME. Mizajou lwave yo fèt pa HUD pandan ete a chak ane epi re-sètifikasyon ki prevwa yo ka itilize montan lwave HUD HOME 2023, sa depann de moman re-sètifikasyon ak renouvèlman kontra lwave a ap fèt.

Q: Ki diferans ki genyen ant yon Inite 50% ak 80% AMI ak yon Inite 110% AMI?

A: Finisyon inité yo menm jan ak inité tarif mache a pou tout inité nan batiman an. Sèl diferans lan se kritè kalifikasyon revni. Inité yo fikse nan 50% AMI gen pi ba limit revni minimòm ak maksimòm epi kòm rezulta, tarif lwave yo pi ba. Inité ki fikse nan 80% AMI yo gen pi gwo limit revni minimòm ak maksimòm e poutèt sa, tarif lwave yo pi wo. Inité 110% AMI yo gen pri lwave ki fikse selon previzyon revni menaj ki okipe apatman an oswa k'ap aplike pou inité a nan moman sètifikasyon an. Menaj ki okipe inité 110% AMI yo dwe genyen revni ant 80% ak 110% AMI selon gwochè menaj la.

Q: Èske gen espas pou pakin nan 346 Union?

A: Non. Pa gen okenn espas pakin nan batiman sa a. Pa gen espas pakin pou tarif mache oswa lokatè abòdab. Lokatè ki gen yon machin ap bezwen fè aranjman pou pakin nan lari.

KONDISYON KALIFIKASYON

Q: Kiyès ki kalifye pou aplike pou apatman 50% ak 80% ak 110% nan 346 Union?

- A: Pou yo ka kalifye pou yon inite 50% oswa 80% oswa 110%, menaj yo dwe satisfè kritè sa yo:
1. Yo dwe genyen revni ak byen ki kalifye nan paramèt yo jan sa endike nan seksyon sa a (ak tablo ki nan paj anvan yo).
 2. Menaj yo pa ka gen plis pase \$75,000 total nan byen (kont retrèt, kolèj ak kont epay sante PA konte nan limit byen).
 3. Menaj yo pa kapab posede menaj nan Sètifikasyon Pwogram (kidonk si yon moun nan menaj la posede yon menaj aktyèlman oswa li sou Papye yon menaj oswa Ipotèk yon menaj, li dwe vann anvan Sètifikasyon Revni ak lè pou bote).
 4. Manm menaj ki pa gen lyen e ki pa marye k'ap aplike ansanm ap bezwen bay verifikasiyon ke yo ap viv ansanm aktyèlman nan moman Sètifikasyon Pwogram nan. Menaj ki pa marye ki fiyanse ki pa gen yon istorik vi ansanm nan menaj pa kalifye.
 5. Tout chèf menaj yo pa kapab etidyan a plentan (kontakte ladan doktora). Yon élèv a plentan ki se yon chèf menaj kalifye sèlman si li se yon ko-chèf menaj ak yon moun ki PA yon etidyan a plentan epi e yo ap viv ansanm aktyèlman epi yo pral viv ansanm nan 346 Union.

Y'ap bay preferans pou inite yo a menaj ki se aktyèl rezidan Somerville ak moun ki travay a plentan nan Somerville ("a plentan" defini kòm yon mwayèn 32 èdtan oswa plis pa semèn, gade Preferans Lokal nan paj 10). Anplis de sa, kèk nan inite yo pral aksesib pou moun ki andikape yo. Tout menaj ka aplike pou inite ki aksesib pou moun ki andikape yo men menaj ki gen dokimantasyon sou bezwen yo pou yon inite aksesib ap jwenn pi gwo priyorite. Pou kesyon sou priyorite selon bezwen yon inite aksesib pou andikape, tanpri gade "Enfòmasyon sou inite aksesib pou moun andikape yo".

Q: Ki kondisyon kalifikasyon revni yo?

- A: Tablo Revni maksimòm nan paj 3 ak tablo Revni Minimòm nan paj 3 montre **dekonzpozisyon tout inite ki genyen restriksyon sou revni yo nan 346 Union, ansanm ak kondisyon kalifikasyon revni pou chak kalite inite ak gwosè menaj**. Pou apatman ki disponib pou menaj ki gen revni egal oswa pi ba pase 50% AMI, yo tabli yon revni minimòm pou asire menaj yo gen ase revni pou peye lwave ak sèvis piblik. Yo anile kondisyon pou revni minimòm pou aplikan ki gen yon sibvansyon pou lojman mobil (tankou Seksyon 8, MRVP, VASH, elatriye). Tanpri gade "Revizyon Biwo Kontra Lwave" nan pwosesis etap pa etap la pou plis detay. **Si yon menaj ki gen yon koupon Seksyon 8 pa klè sou valè koupon yo a, yo ta dwe kontakte otorite ki bay lojman yo.**

Q: Èske mwen dwe yon rezidan nan vil Somerville pou'm aplike?

- A: Non. Tout menaj ki satisfè direktiv revni ki presize pi wo a ka aplike pou yon apatman ki gen Restriksyon sou Revni. Aplikan ki satisfè egzijans Preferans yo epi ki bay verifikasiyon aktyèl yo pral jwenn opòtinité pou lwe apatman 50% ak 80% ak 110% AMI an premye paske yo nan pi wo pozisyon sou Lis Atant yo. Pou plis enfòmasyon sou Preferans, tanpri ale nan paj 10.

Q: Èske mwen ka aplike pou 2 apatman 50% ak 80% ak 110% AMI?

A: Non, menaj yo kapab kalifye sèlman pou yon inite 50% AMI oswa yon inite 80% AMI oswa yon inite 110% AMI. Si yon menaj gen revni ki pi ba pase 50% AMI, yo pa kalifye pou yon inite 80% AMI menm si yo gen yon koupon oswa sibvansyon oswa ase byen pou konpanse defisi nan revni pou satisfè kritè revni minimòm nan. Si yon menaj gen revni ant 50% ak 80% AMI, yo kalifye sèlman pou yon inite 80% AMI.

Q: Ki jan yo detèmine revni yon menaj?

A: Revni yon menaj se kantite lajan total BRI previzyon ke TOUT manm menaj la resevwa pandan 12 pwochen mwa yo (apati dat aplikasyon an epi pwojte sou 12 mwa apre) dapre revni aktyèl yo ak byen yo. Nan yon efò pou bay yon estimasyon revni ki pi egzak posib, Ajan Lotri a pral revize done istorik sou revni yo tou pou founi yon baz pou estimasyon revni nan lavni. Nenpòt lajan ou prevwa resevwa nan 12 pwochen mwa yo (ki gen ladan ogmantasyon oswa previzyon bonis) yo pral konte kòm revni epi lajan yo te resevwa nan 3 mwa anvan yo pral analize kòm pwojè revni nan lavni. Sa gen ladann, men li pa limite a, Sekirite Sosyal, pansyon alimantè, sipò pou timoun, pèman lè siplemantè, bonis, chomaj, pèman preyavi, travay a tan pasyèl, obligasyon ki rive a matirite, lajan yo dwe resevwa nan règleman tribinal yo, ak enterè ak dividand aktyèl oswa prete sou kont labank ak lòt byen (sof enterè aktyèl ak dividand ou touche nan kont retrèt tradisyonèl yo). Tout sous revni yo konte sof revni travay pou manm nan menaj la ki pokò gen 18 lane ak nenpòt revni ki plis pase \$480/ane pou etidyan a plentan ki depandan epi ki bay verifikasyon estati etidyan a plentan nan lekòl yo (men sonje ke tout revni sa yo dwe toujou dokimante menm si li pa konte nan kalkil revni menaj la).

Yo pral sipoze ke tout aplikan yo ap kontinye resevwa nenpòt lajan yo resevwa nan 12 mwa ki sot pase yo sof si dokiman sipò yo pwouve otreman. Se pa menaj la ki pou detèmine ki lajan yo te resevwa pandan ane ki sot pase a ki ta dwe konte kòm revni yo kalkile oubyen pa konte. Se poutèt sa, tout lajan yo ta dwe ajoute sou aplikasyon an epi enklizyon lajan sa yo nan detèmine kalifikasyon yon menaj pral baze sou direktiv lojman Restriksyon sou Revni. Anplis de sa, koup marye legalman dwe konsidere kòm manm nan menaj la sof si aplikan an ka bay verifikasyon ke menaj yo separe epi y'ap viv nan adrès separe. Verifikasyon an dwe kopi yon dokiman tribunal depoze ki montre ke yo te ranpli divòs/separasyon (si dokiman legal la montre adrès separe pou patnè yo), OSWA dokiman konjwen ki abite nan adrès separe a (tankou kopi kontra Iwaye). Si pa gen okenn dokiman sa yo ki montre yo abite nan adrès separe, yon asidavi notarye soti nan de pati yo (oswa pati a, si li pa san danje oswa posib pou tou de pati yo fè sa) ke yo ap separe epi yo pral abite nan adrès separe apati de yon sèten dat.

Limit Byen

Byen total tout moun nan menaj la pa ka depase \$75,000, e sa pa konte ladann Kont Retrèt menm jan ak plan epay kolèj ak sante.

Byen kòm yon Pati nan Sètifikasyon Revni an

Revni ki te jenere pa byen ki pa kont retrèt yo konte nan limit revni an (kòm enterè/dividand ki soti nan kont retrèt yo pa konte nan sètifikasyon revni an). Si byen yo totalize \$5,000 oswa plis, pi wo nan revni aktyèl ou touche sou byen yo, oswa revni ki enpoze a 0.06% nan tout byen yo pral konte kòm revni. Sinon, pou byen ki pi ba ke \$5,000, se sèlman revni ou vrèman touche a. Byen Menaj yo kalkile nan moman aplikasyon an. Byen yo ka gen ladan epi yo pa limite a lajan kach, lajan kach nan kont epay ak kont kouran, lajan dijital, aplikasyon lajan kach (Venmo, PayPal, Aplikasyon Lajan Kach, elatriye), valè lajan kach nèt nan aksyon, obligasyon, ak envestisman kapital. Pandan ke yo pa konte kont retrèt yo nan limit byen yo, yo dwe rapòte tout valè kont retrèt yo paske pwogram nan pral konte 70% nan kantite lajan total la epi li pral enpoze 0.06% sou revni ki soti nan kantite lajan sa a.

Egzanp: Yon menaj gen \$10,000 nan yon kont epay ki touche 1% epi, \$100,000 nan yon kont retrèt ke yo pa itilize aktivman. Pwogram nan pral sèlman konte 70% nan kont retrèt la (\$70,000).

Byen total pou limit byen yo se: \$10,000 (kòm kont retrèt yo pa konte nan limit byen yo)

Total byen yo pou revni enpoze se: \$10,000 + \$70,000 = \$80,000

Revni aktyèl ki soti nan byen yo se: \$100 + \$0 = \$100 (A)

Revni enpoze a 0.06% se: 0.06% nan \$80,000 = \$48.00 (B)

Pou menaj sa a, \$100 t'ap ajoute sou revni yo reservwa soti nan tout lòt sous revni (travay, Sekirite Sosyal, Alimoni, elatriye) paske pwogram nan pran sa ki pi gwo nan (A) revni reyèl nan byen yo OSWA (B) revni enpoze sou byen yo

Q: Mwen pa ka retire lajan nan 401k oswa fon retrèt mwen an; èske mwen dwe mete li lè mwen fè lis byen mwen yo?

A: Wi. Tanpri sonje ke kont retrèt PA konte nan limit \$75,000 byen yo, men ou dwe toujou mete tout valè lajan retrèt ou gen aktyèlman sou aplikasyon an kòm yon pati nan sètifikasyon revni an. Sètifikasyon revni an konte ladan revni enterè ou touche sou tout byen, sof enterè ak dividand ou touche sou kont retrèt tradisyonèl yo. Sa a se paske yo dedwi 30% nan valè total aktyèl kont retrèt ou a, epi 70% ki rete yo konsidere kòm valè lajan kach aktyèl la, sa ki vin miltipliye pa tarif livrè aktyèl la nan 0.06%. Yo pral konte kantite lajan rezulta sa kòm revni enterè sou kont sa a pou rezon kalifikasyon revni.

Q: Si mwen pa kapab kalifye pou yon kontra lwaye ki baze sou revni mwen oswa istwa kredi mwen, èske mwen ka gen yon ko-siyatè sou kontra lwaye mwen an?

A: Non. Se sèlman moun ki pral viv nan apatman an ki ka siyen kontra lwaye a. Moun ki ap aplike yo dwe ranpli kalifikasyon revni yo poukont yo. Si yon moun ki andeyò menaj la pral ede peye lwaye a, kantite lajan yo pral bay la dwe endike kòm "Pèman Peryodik"

sou Tablo Revni nan Aplikasyon Pwogram nan. Pèman sa yo pral konte nan revni menaj k'ap aplike a.

Q: Èske yon élèv a plentan ka aplike pou yon inite 50% oswa 80% oswa 110% AMI?

A: Tout chèf menaj yo pa kapab etidyan a plentan epi kalifye pou lotri a. Kidonk, si yon menaj gen yon sèl moun e se yon etidyan a plentan, li pa kalifye. Si tou de moun nan yon menaj ki gen de moun se etidyan a plentan, yo pa kalifye. Yon etidyan a plentan ki se yon chèf menaj sèlman kalifye pou yon inite ki gen restriksyon sou revni si li se yon ko-chèf menaj la ak yon moun ki PA yon etidyan a plentan. Pa gen okenn entèdiksyon sou etidyan a tan pasyèl. Estati etidyan a plentan gen ladann doktora epi se biwo rejistrasyon lekòl la ki defini sa. Yo defini chèf menaj la kòm nenpòt moun ki gen plis pase 18 lane ki pa endike kòm yon depandan sou taks yon lòt moun ki okipe apatman an. Yo dwe soumèt verifikasyon estati etidyan ak Aplikasyon Sètifikasyon an.

Q: Si mwen posede yon kay aktyèlman, èske mwen ka toujou aplike pou yon inite 50% oswa 80% oswa 110% AMI?

A: Aplikan ki posede kay aktyèlman kalifye pou aplike pou Lotri a, men okenn manm nan menaj la pa kapab posede yon kay oswa genyen non yo sou yon Papye kay oswa yon Ipotèk nan moman Sètifikasyon Pwogram nan. Si yo pa te vann yon kay nan Sètifikasyon Pwogram (oswa si kay la fè pati yon règleman divòs/separasyon epi Divòs la pa't finalize), menaj la p'ap kalifye epi yo p'ap kapab lwe yon apatman ki gen restriksyon sou revni.

KONDISYON SOU GWOSÈ MENAJ

Q: Ki jan yo detèmine gwosè menaj ki apwopriye a?

A: Pwogram nan mande yon minimòm yon moun pou chak chanm.

Kòm 346 Union sèlman gen inite Estidyo ak 1 Chanm (pa gen inite 2chanm oswa 3 Chanm) gwosè revni minimòm sa a pa aplike, paske yon menaj ap toujou gen omwen yon moun sou aplikasyon an. "Menaj" vle di tout moun ki gen non yo ekri sou kontra lwaye a, epi tou tout moun ki gen entansyon okipe inite lojman an kòm rezidans prensipal yo. Remake byen ke koup marye legalman dwe konsidere kòm manm nan menaj la sof si aplikan an ka bay verifikasyon ke menaj yo separe epi y'ap viv nan adrès separe. Verifikasyon an dwe kopi yon dokiman tribal depoze ki montre ke yo te ranpli divòs/separasyon (si dokiman legal la montre adrès separe pou patnè yo), OSWA dokiman konjwen ki abite nan adrès separe a (tankou kopi kontra lwaye). Si pa gen okenn dokiman sa yo ki montre yo abite nan adrès separe, yon afidavi notarye soti 2 pati yo (oswa pati a, si li pa san danje oswa posib pou tou de pati yo fè sa) ke yo ap separe epi yo pral abite nan adrès separe apati de yon sèten dat. Minè/depandan yo ka konsidere kòm manm nan menaj la sèlman si chèf menaj yo gen gad fizik oswa se titè legal yo pou 180 jou pa ane, dokimante pa tribunal.

Q: Èske timoun ki poko fèt konte nan kantite moun ki nan menaj la pou rezon kalifikasyon revni si yon manm nan menaj la ansent aktyèlman?

A: Sèlman si timoun ki poko fèt la nan twazyèm trimès li nan moman lotri a, moun ki nan menaj la ka konte li kòm manm nan menaj la (kidonk dat akouchman timoun ki poko fèt la dwe nan dat 3 Dawout 2023 oswa anvan). Menaj yo pa bezwen soumèt prèv gwosès ak aplikasyon lotri a men yo pral oblige soumèt prèv gwosès ak tèm ansanm avèk Aplikasyon Sètifikasiyon apre lotri a.

Q: Si mwen aktyèlman nan yon pwosesis divòs/separasyon oswa planifye pou'm divòse/separe byento, èske mwen ka toujou aplike?

A: Pou moun ki pa pwopriyetè kay, koup legalman marye yo dwe konsidere kòm manm nan menaj la, koup legalman marye yo dwe konsidere kòm manm nan menaj la sof si aplikan an ka bay verifikasyon ke menaj yo separe epi y'ap viv nan adrès separe. Verifikasyon an dwe kopi yon dokiman tribal depoze ki montre ke divòs/separasyon te ranpli (si dokiman legal la montre adrès separe pou patnè yo), kopi kontra lwaye separe, kopi bòdwo sèvis publik yo sou non yo nan adrès separe, oswa deklarasyon notarye chak konjwen ki konfime ke yo separe epi y'ap viv nan adrès separe. Aplikasyon Sètifikasiyon an, yo bay menaj ki ase wo nan Lis Atant Lotri a etabli ap gen plis detay sou dokiman menaj yo pral gen pou bay.

Si ou sèlman kòmanse konsidere yon divòs, epi poko gen okenn aksyon legal ki fèt epi ou pa abite nan adrès separe, ou pa kapab aplike kòm yon sèl chèf menaj e yo pral revize aplikasyon'w lan tankou si aktyèl mari oswa madanm ou la pral bote al abite ak ou nan apatman ki gen Restriksyon sou Revni an. **Pou pwopriyetè kay ki nan pwosesis divòs, kay la dwe vann epi divòs la dwe finalize (paske ou dwe soti sou papye kay la) anvan ou bote al abite.**

ENFÒMASYON SOU PREFERANS

Q: Ki jan yo bay preferans pou inite 50% ak 80% ak 110% AMI?

A: Òdonans zòn enklizif ki te pèmèt devlopman sa a te etabli yon priyorite pou menaj ki swa ap viv nan Somerville oswa ki travay a plentan nan Somerville (gade pi ba a pou plis detay). Menaj ki pa satisfè kritè sa yo ka toujou aplike epi yo pral gen pozisyon ki pi ba sou Lis Atant yo pase menaj ki gen yon preferans. Lis Atant yo nan paj 13 la montre kijan yo bay preferans sa yo.

Q: E si yon menaj pa kalifye pou okenn nan Preferans sa yo?

A: Menaj ki kalifye e ki pa gen preferans yo pral plase nan poulotri ki pa preferans, apre sa ki gen preferans yo epi yo ap toujou antre nan lotri a pou gwosè inite yo aplike a. Yo pral ba yo pozisyon nan Lis Atant yo pou inite sa yo apre menaj ki kalifye pou preferans yo (gade Lis Atant yo nan paj 13 la pou jwenn detay sa yo).

Q: Èske mwen oblige bay dokiman preferans Somerville ak aplikasyon lotri mwen an?

A: Non, ou pa bezwen fè sa. Men, tanpri sonje ke menaj ki make sou aplikasyon lotri yo ke y'ap viv/travay a plentan nan Somerville pral oblige soumet dokiman pou verifye sa nan moman sètifikasyon revni (e nan kèk ka, yo ka oblige soumet dokiman sipò sou preferans sa a anvan sètifikasyon revni). **Menaj ki aplike kòm moun ki abite/travay a plentan nan Somerville men ki pa pwodui dokiman ki nesesè yo lè yo mande sa ap soti nan tout Lis Atant.**

Si w'ap viv nan Somerville kounye a epi w'ap aplike pou Somerville preferans, apre tiraj lotri a, w'ap oblige soumet yon kopi dènye fakti sèvis publik ou a, oswa yon kopi kontra lwaye aktyèl la, oswa yon kopi yon relve labank, oswa yon kopi bòdwo telefòn selilè, oswa enskripsyon'w kòm elektè. Dokiman an dwe aktyalize epi li dwe genyen non ak adrès aplik an nan Somerville. Si w'ap travay a plentan nan Somerville kounye a epi w'ap aplike pou preferans Somerville, apre tiraj lotri a, w'ap oblige soumet swa (A) dènye souch pèman'w ki montre adrès Somerville kote w'ap travay fizikman 32 èdtan oswa plis pa semèn oswa , si souch pèman ou yo pa montre detay sa yo, ou dwe soumet (B) yon deklarasyon ki siyen pa anplwaye'w la sou papye ki gen antèt konpayi an ki endike adrès travay la, non anplwaye a ak kantite èdtan w'ap travay an mwayèn pa semèn nan Somerville. Yon manm nan menaj la ki anjeneral travay nan Somerville men k'ap travay aktyèlman adistans akòz COVID-19 ka kalifye pou yon preferans si yo bay yon deklarasyon ki gen ladan adrès Somerville epi verifye kantite lè an mwayèn li travay. **Yo pa ka akòde preferans travay Somerville pou menaj ki bay espas ko-travay kòm verifikasiyon pou travay nan Somerville.** Menaj ki tipikman travay nan Somerville men k'ap travay adistans akòz COVID-19 ka kalifye pou yon preferans travay.

PWOSESIS ETAP-PA-ETAP AK KALANDRIYE

Q: Ki pwosesis aplikasyon, seleksyon, ak bote al abite pou apatman 50%, 80% ak 110% AMI nan 346 Union?

A: Pwosesis la se yon pwosesis twa etap. Paj apre yo eksplike chak etap an plis detay.

Premye etap la se soumèt yon aplikasyon pou lotri ki ranpli anvan dat limit la epi revele ou kalifye pou yon inite 50% oswa 80% oswa 110% AMI epi resevwa yon pozisyon sou Lis Atant yo.

Dezyèm etap la se ranpli Sètifikasyon Pwogram Lojman Enklizif ("Sètifikasyon Pwogram") ak SEB Housing.

Twazyèm etap la se ranpli yon Aplikasyon pou Lwaye ak Biwo Kontra Lwaye a, rezève yon apatman, epi siyen yon Kontra. **Aplikan yo PA DWE bay pwopriyetè kay yo avi avan yo ofri yo yon kontra lwave.**

Etap 1a: Aplike pou Pwogram Lojman an

Jizka 4 Me 2023

Etap 1b: Lotri a

31 Me 2023

Etap 1c: Lis Atant ak Rezulta Lotri

Lannwit detèmine pou lotri a

Etap 2: Sètifikasyon Pwogram

Nan 5 jou kalandriye apre yo fin rezève yon apatman, aplikan yo dwe soumèt tout dokiman sou revni, byen ak taks ki nesesè yo bay SEB Housing

Etap 3: Verifikasiyon Pa Biwo Kontra Lwaye ak Chwa Inite

Nan 5 jou kalandriye apre yo fin remèt Lèt Kontinyasyon

Tanpri gade paj apre yo pou plis detay sou chak Etap ki endike anwo a.

PWOESİS ETAP-PA-ETAP AK KALANDRIYE

Etap 1a: Aplikasyon Lotri

Peryòd Aplikasyon Lotri a ap dire 30 jou apati dat Aplikasyon Lotri yo disponib (ki pral dat premye Seyans Enfòmasyon an). Aplikan yo dwe ranpli yon Aplikasyon pou Lotri epi ajoute tout moun ki pral abite nan apatman an. Dokiman sipò sou revni ak byen yo (ak preferans Somerville, si sa aplikab) pa nesesè ak Aplikasyon Lotri a men yo pral mande yo pita. Aplikasyon pou lotri a dwe soumèt anvan 2 pm nan dat 4 Me. Si yo voye materyèl yo pa lapòs, yo dwe voye yo yon semèn anvan dat limit la paske aplikasyon ki rive apre dat limit la p'ap aksepte pou lotri a. Tanpri gade paj kouvèti Aplikasyon Lotri a pou jwenn kote pou al depoze ak adrès postal. Tanpri sonje ke biwo SEB Housing yo pa ouvri pou publik akòz pwotokòl COVID, men bwat pou depoze yo sou sit la ouvri 24 sou 24 (jan yo note sa sou paj kouvèti aplikasyon lotri papye). Depi SEB Housing resevwa Aplikasyon Lotri a, yo pral detèmine konfòmite inisyal pou lotri a. Menaj ki pa gen sibvansyon pou lojman e ki pozisyone anba limit revni minimòm yo e menaj ki soumèt aplikasyon ki endike yo depase limit revni maksimòm akseptab yo p'ap antre nan lotri a. **Antre nan lotri a pa garanti apwobasyon sètifikasi revni final (gade Etap sa yo).** Depi yo resevwa yon Aplikasyon pou Lotri epi SEB Housing twouve ke menaj an kalifye pou lotri a, aplikan an ap resevwa yon Nimewo Aplikasyon ki endike sèlman lòd yo te resevwa aplikasyon yo a. Objektif Nimewo Aplikasyon an se tou senpleman pou kenbe non tout menaj yo enkoni lè Nimewo Aplikasyon yo tire nan lotri a.

Etap 1b: Lotri A

Lotri a ap fèt 31 Me 2023. Menaj yo pa oblige patisiye nan lotri a pou yo rete kalifye. Tout rezulta yo pral kominike bay chak menaj k'ap aplike nan 7 jou kalandriye apre Lotri a.

Lotri a fèt pou detèmine pozisyon chak aplikan yo sou Lis Atant yo pou chak tip inite. Pral gen plizyè tiwa pou chak Lis Atant ki baze sou priyorite preferans pou inite sa yo nan fason sa a: (1ye priyorite) menaj k'ap viv oswa k'ap travay a plentan kounye a nan Somerville, (2yèm priyorite) tout lòt menaj yo.

Menaj ki andikape yo (Menaj ki bezwen karakteristik yon inite ki aksesib pou moun andikape yo) yo pral jwenn priyorite pou inite DA yo. **Priyorite preferans pou inite ki aksesib pou moun ki andikape yo** se (1ye priyorite) menaj ki bezwen karakteristik yon inite ki aksesib pou moun ki andikape k'ap viv oswa k'ap travay a plentan kounye a nan Somerville, (2yèm priyorite) ki bezwen karakteristik yon inite ki aksesib pou moun ki andikape yo.

Etap 1c: Lis Atant yo ak Rezilta Lotri yo

Lis Atant yo pral etabli pa tiwa separe nan fason sa a:

Lis Atant Yo

Lis Atant pou kat apatman Estidyo 50% AMI

1ye Tiwa: menaj ki ap viv oswa k'ap travay a plentan aktyèlman nan Somerville
2yèm Tiwa: tout lòt menaj ki kalifye pou inite Estidyo 50% AMI yo

Lis Atant pou Yon apatman 1 Chanm 50% AMI

1ye Tiwa: menaj ki ap viv oswa k'ap travay a plentan aktyèlman nan Somerville
2yèm Tiwa: tout lòt menaj ki kalifye pou inite 1 Chanm 50% AMI

Lis Atant pou Senk apatman Estidyo 80% AMI

1ye Tiwa: menaj ki ap viv oswa k'ap travay a plentan aktyèlman nan Somerville
2yèm Tiwa: tout lòt menaj ki kalifye pou inite Estidyo 80% AMI

Lis Atant pou Yon apatman 1 Chanm 80% AMI

1ye Tiwa: menaj ki ap viv oswa k'ap travay a plentan aktyèlman nan Somerville
2yèm Tiwa: tout lòt menaj ki kalifye pou inite 1 Chanm 80% AMI

Lis Atant pou Kat apatman Estidyo 110% AMI apartments

1ye Tiwa: menaj ki ap viv oswa k'ap travay a plentan aktyèlman nan Somerville
2yèm Tiwa: tout lòt menaj ki kalifye pou inite Estidyo 110% AMI

Lis Atant Aksesib pou Andikape (DA) ak Pwoblèm Tande (HI) *

Lis Atant pou Yon apatman Estidyo Aksesib pou Andikape 50% AMI

1ye Tiwa: menaj ki ap viv oswa k'ap travay a plentan aktyèlman nan Somerville ki bezwen karakteristik espeyal nan inite a
2yèm Tiwa: tout lòt menaj ki kalifye pou inite Estidyo 50% AMI ki bezwen karakteristik espeyal nan inite a

Lis Atant pou Yon apatman 1 Chanm Aksesib pou Andikape 50% AMI

1ye Tiwa: menaj ki ap viv oswa k'ap travay a plentan aktyèlman nan Somerville ki bezwen karakteristik espeyal nan inite a
2yèm Tiwa: tout lòt menaj ki kalifye pou inite 1 Chanm 50% AMI ki bezwen karakteristik espeyal nan inite a

Lis Atant pou Yon apatman Estidyo Aksesib pou Pwoblèm Tande 80% AMI

1ye Tiwa: menaj ki ap viv oswa k'ap travay a plentan aktyèlman nan Somerville ki bezwen karakteristik espeyal nan inite a
2yèm Tiwa: tout lòt menaj ki kalifye pou inite Estidyo 80% AMI ki bezwen karakteristik espeyal nan inite a

Etap 2: Sètifikasyon Pwogram

Apre tiraj lotri a, SEB Housing pral kontakte kantite fwaye sou chak Lis Atant ki egal a kantie inite ki disponib pou envite yo ranpli Sètifikasyon Pwogram nan (1ye demann). Sètifikasyon Pwogram nan pral dekri tout dokiman sou revni, byen ak taks ke aplikan an dwe ajoute pou Sètifikasyon Pwogram konplè. Tout menaj ki envite pou ranpli yon Sètifikasyon Pwogram ap gen 5 jou kalandriye apati dat notifikasyon an pou ranpli yon Aplikasyon Sètifikasyon epi soumèt li bay SEB Housing ansanm ak tout dokiman ki nesesè yo. Yon fwa SEB Housing revize dokiman sa yo epi li konsidere revni menaj la ak byen yo kalifye, SEB Housing pral bay aplikan an yon Lèt Kontinyasyon epi aplikan an pral pase nan pwochen Etap la (ranpli yon Aplikasyon pou Lwaye ak Biwo Kontra Lwaye a)! Yo pral kopye Depatman Lojman Vil la sou avi sa a epi SEB Housing pral voye Aplikasyon Sètifikasyon an ansanm ak tout dokiman sipò yo bay Depatman Lojman Vil la. *Sonje tou ke SEB Housing ka kontakte jiska 4 fwa plis menaj ke inite ki disponib pou mande pou menaj yo bay dokiman verifikasiyon preferans/priyorite anvan Sètifikasyon Pwogram nan.*

Menaj ki pa soumèt tout dokiman nesesè yo avèk soumisyon inisyonal Sètifikasyon Pwogram nan ap resevwa yon Avi Enkonplè (1ye Avi Enkonplè) ki pral dekri tout dokiman ki manke yo, dapre enfòmasyon yo te resevwa jiska pwen sa a. Menaj la ap gen 5 jou kalandriye apati 1ye Avi Enkonplè a pou li soumèt tout dokimantasyon yo. Si nenpòt dokiman ki nesesè toujou manke, SEB Housing ap voye bay menaj la yon 2yèm Avi Enkonplè. Menaj la ap gen 5 jou kalandriye anplis apati notifikasyon pou'l soumèt tout dokiman yo. Si nenpòt dokiman ki nesesè toujou manke, SEB Housing ap voye yon 3yèm e Dènye Avi Enkonplè. Si menaj la pa kapab bay dokiman yo mande apre 3yèm ak Dènye Avi Enkonplè a, SEB Housing pral voye yon lèt Non-Kalifikasyon pou menaj la epi pwosesis revizyon ak sètifikasyon an ap sispann epi tout pozisyon nan Lis Atant menaj lan ap pèdi. Anplis de sa, menaj yo twouve ki depase revni oswa depase byen yo oswa ki pa kalifye nan nenpòt etap nan pwosesis la pral pèdi tout pozisyon nan Lis Atant lan tou.

Si menaj yo vle fè apèl kont nenpòt desizyon SEB Housing pran konsènan sètifikasyon yo nan etap sa a, yo dwe soumèt yon kontestasyon alekri bay SEB Housing nan sèt (7) jou kalandriye apati dat SEB Housing te voye detèminasyon Non-Kalifikasyon an bay menaj lan. Sa a se yon dat limit pou resevwa, pa yon dat limit pou bay li nan lapòs. Nan kontestasyon alekri yo, menaj la dwe idantifye nan tèm espesifik (pa egzanp, yo konte yon sous revni ke ou pa resevwa ankò oswa sipozisyon yo fè nan kalkil la) sou detèminasyon w'ap fè apèl la. Tout reklamasyon yo dwe sipòte pa dokiman ki aplikab. Si yon menaj bezwen plis tan pou idantifye tèm espesifik sou sa li ap fè apèl la oswa pou jwenn dokiman ki gen rapò ak yon apèl, menaj la dwe founi yon bon rezon pou plis tan, epi li toujou dwe voye yon avi sou entansyon pou soumèt yon demann apèl alekri nan yon semèn apre li resevwa detèminasyon non-kalifikasyon an.

Notifikasyon refi akòz revni yo pral gen ladan Depatman Lojman an epi yo gen ladan resous ki ka bay sipò nan yon apèl ki gen ladan:

Sèvis Legal Cambridge/Somerville: 60 Gore Street, Suite 203, Cambridge, MA (617) 603-2700

Direktè Biwo Estabilite Lojman Vil Somerville Office (OHS), Ellen Shachter
50 Evergreen Ave., 1ye Floor, Somerville, MA 02145 / 617-625-6600 Eks. 2580

Ajans Aksyon Kominotè Somerville: 66-70 Union Sq., Suite 104, Somerville, MA 02143
617-623-7370 / info@caasomerville.org / <https://www.caasomerville.org/hap-application>

Etap 3: Revizyon Biwo Kontra Lwaye

Depi SEB Housing bay Lèt Kontinyasyon an, menaj yo ap gen 5 jou kalandriye pou ranpli yon Aplikasyon pou Lwaye ak Fèy Preferans pou Chwa Inite avèk Biwo Kontra Lwaye a. Si Biwo Kontra Lwaye a ap swiv pwotokòl COVID-19 nan moman sa a epi yo pa pèmèt vizit an pèsòn akòz restriksyon ki gen rapò ak COVID-19, Biwo Kontra Lwaye a pral fè vizit vityèl avèk Facetime, Zoom, oswa l'ap reyalize vizit vityèl pou enfòmasyon ak reyinyon atravè sit entènèt pwopriyete a.

Biwo Kontra Lwaye a pral trete Aplikasyon Lokasyon yo lè yo fin ranpli. Sepandan, menaj yo dwe tann pou tout aplikasyon menaj ki devan yo ki ankou sou Lis Atant yo ranpli anvan Biwo Kontra Lwaye a fè yo koresponn ak yon inite pi wo preferans ki disponib pou yo dapre pozisyon yo sou Lis Atant la. Depi korespondans sa a fin fèt, Biwo Kontra Lwaye a ap enfòme menaj la, epi menaj la ap gen 5 jou kalandriye pou rezèvè apatman yo ak Biwo Kontra Lwaye a. Lè yo rezèvè inite a, yo pral etabli dat kontra-lwaye a dwe egzekite (epi lwaye yo anjeneral egzekite nan 30 jou apre rezèvasyon inite a). Menaj ki pa reponn a envitasyon pou ranpli Aplikasyon Lokasyon a ak/oswa Fèy Preferans pou Chwa Inite a oswa Rezèvasyon Inite yo avan dat limit yo bay yo pral resevwa avi non non-kalifikasyon (menm jan ak lè menaj yo jwenn refi nan etap avan nan pwoesisis la jan sa endike anwo a).

Revizyon Aplikasyon Lokasyon a pral yon revizyon menm jan ak sa yo fè pou aplikan apatman ki gen tarif mache a, kote yo konsidere faktè tankou istorik travay, pwen/rapò kredi, Istorik ansyen lokasyon, kontwòl istorik kriminèl ak revni sifilan. Si menaj yo gen enkyetid konsènan pase verifikasiyon pou lokasyon an nan etap sa a, epi yo gen kesyon sou pwen kredi, istorik lokasyon, referans pwopriyetè, CORI, degèpisman elatriye, tanpri kontakte Corcoran Management dirèkteman nan Union346@jmcanco.com ; 339-235-3958). Tanpri sonje ke **ko-siyatè oswa garan pa otorize** paske se sèlman moun ki pral abite nan apatman an ka siyen kontra lwaye a. Y'ap retire menaj yo nan Lis Atant yo si Biwo Kontra Lokasyon a jije ke yo pa kalifye pou yon kontra lwaye dapre Aplikasyon Lokasyon yo a, oswa si yon menaj pa respekte dat limit nan lavni pou rezèvasyon inite oswa siyen Kontra Lwaye a, oswa si yon menaj avize Biwo Kontra Lwaye a ke yo pa enterese nan lwe yon apatman ankò. Menaj ki gen pozisyon ki pi ba sou Lis Atant yo dwe tann pou yo retire menaj ki gen yon pozisyon ki pi wo pase yo anvan yo ba yo opòtinite pou yo kòmanse Etaps ki endike anwo a. Moun ki gen pozisyon ki pi ba yo pral resevwa yon avi omwen 5 jou sou dat randevou k'ap vini yo si pral gen yon apatman ki disponib pou yo.

Yon menaj ki jwenn refi pou Aplikasyon Lokasyon a pral resevwa yon lèt refi nan men Corcoran Management ki site rezon espesifik ki fè yo bay refi a. Lèt refi yo pral gen ladan anplwaye Depatman Lojman e menaj yo ap gen (5) jou ouvrab apati dat yo resevwa lèt la, pou yo soumet yon entansyon pou fè apèl bay Corcoran Management. Yo ka kontakte biwo ki anba yo pou jwenn asistans pandan yon apèl:

Sèvis Legal Cambridge/Somerville, 60 Gore Street, Suite 203, Cambridge, MA (617) 603-2700

Direktè Biwo Estabilite Lojman Vil Somerville(OHS), Ellen Shachter
50 Evergreen Ave., 1ye Floor, Somerville, MA 02145 / 617-625-6600 Ext. 2580

Ajans Aksyon Kominotè Somerville: 66-70 Union Sq., Suite 104, Somerville, MA 02143
617-623-7370 / info@caasomerville.org / <https://www.caasomerville.org/hap-application>

REVIZYON ANYÈL KALIFIKASYON AK LWAYE

Anviwon 60-90 jou kalandriye anvan renouvelman kontra lwave a, lokatè yo dwe soumèt dokiman ki ajou sou revni ak byen yo bay Biwo Kontra Lwave pou yo ka asire ke chak lokatè nan yon inite ki gen restriksyon sou revni toujou anba direktiv revni maksimòm yo. Lokatè yo p'ap kapab renouvel Kontra lwave yo tout tan yo poko soumèt tout dokiman ki nesesè yo. Lokatè yo ta dwe kenbe dosye sou taks, souch pèman, relve labank ak deklarasyon byen pandan y'ap viv nan inite abòdab la. Kenbe dosye yo rann revizyon chak ane sa a pi fasil.

Q: Konbyen tan mwen ka lwe apatman 50% AMI mwen an?

A: Antanke yon **rezidan nan yon apatman 50% AMI**, ou konsidere kòm moun ki gen revni kalifye toutotan menaj ou a touche yon revni ki pa depase **140% limit 50% Revni AMI pou ane aktyèl la**.

Itilize limit revni aktyèl yo kòm yon egzanp:

Gwosè Menaj la	Limit Revni Aktyèl pou Menaj yo (50% AMI)	Limit Revni pou Menaj nan inite yo tabli a 50% AMI (140% nan 50% AMI)
1	\$49,100	\$68,740
2	\$56,100	\$78,540

Q: Konbyen tan mwen ka lwe apatman 80% AMI mwen an?

A: Antanke yon **rezidan nan yon inite ki fikse pou menaj yo nan 80% AMI**, ou konsidere kòm moun ki gen revni kalifye toutotan menaj ou touche yon revni ki pa depase **140% limit revni 80% ane aktyèl la** pou yon menaj ki nan gwosè ou.

Itilize limit revni aktyèl yo kòm yon egzanp:

Gwosè Menaj la	Limit Revni Aktyèl pou Menaj yo (80% AMI)	Limit Revni pou Menaj nan inite yo tabli a 80% AMI (140% nan 80% AMI)
1	\$78,300	\$109,620
2	\$89,500	\$125,300

Q: Konbyen tan mwen ka lwe apatman 110% AMI mwen an?

A: Antanke yon **rezidan nan yon inite ki fikse pou menaj yo nan 110% AMI**, depi ou fin ranpli sètifikasyon inisyal revni'w, yo konsidere'w kòm moun ki gen revni kalifye toutotan menaj ou ap touche yon revni ki pa depase **120% limit revni ane aktyèl** pou yon menaj nan gwochè ou.

Itilize limit revni aktyèl yo kòm yon egzanp:

Gwochè Menaj la	Limit Revni Aktyèl pou Menaj yo (110% AMI)	Limit Revni pou Menaj yo Resètifye nan inite yo tabli a 110% AMI (120% AMI)
1	\$107,954	\$117,768
2	\$123,376	\$134,592

Q: Kisa k'ap pase si mwen depase Limit Revni pou Lokatè Aktyèl yo nan Apatman 50% AMI mwen?

A: Si revni yon menaj depase Limit Revni pou Lokatè Aktyèl yo nan moman renouvelman yo, lwave yo ap ogmante a 80% pri lwave inite AMI la epi lokatè a ka chwazi rete nan apatman yo, men li pral peye lwave 80% AMI la epi yo pral konsidere apatman an kòm yon pati nan kantite inite 80% AMI (epi pwochen apatman 80% AMI ki disponib ak menm kantite chanm lan pral tounen yon apatman 50% AMI).

Q: Kisa k'ap pase si mwen depase Limit Revni pou Lokatè Aktyèl yo nan Apatman 80% AMI mwen an?

A: Si revni yon menaj depase Limit Revni pou Lokatè Aktyèl yo nan inite 80% AMI nan moman renouvelman yo, lwave yo ap ogmante nan pri lwave mache a epi lokatè a ka chwazi rete nan apatman yo, men li ta dwe peye tarif lwave mache a e apatman an p'ap konsidere kòm yon pati nan kantite inite 80% AMI a ankò (epi pwochen apatman ki disponib nan tarif mache a ak menm kantite chanm lan pral tounen yon inite AMI 80%).

Q: Èske lwave mwen an ap ogmante chak ane, epi si se konsa, konbyen lajan anplis?

A: **Pri lwave pou inite 50% ak 80% yo** ka ogmante kèk pouvantaj chak ane, tou depann de pri lwave kay wo ak ba HUD ki pibliye pa Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) chak ane. Pri lwave inisyal yo baze sou pri lwave HUD HOME 2022. Lwave yo gen mizajou ki fèt pa HUD pandan ete chak ane epi re-sètifikasyon prevwa yo ka itilize montan lwave 2023 HUD HOME, tou depann de moman resètifikasyon ak renouvelman kontra lwave a. Pri lwave pou inite 110% AMI yo baze sou revni menaj la, kidonk ka ogmante oswa diminye dapre revni lokatè a chak ane nan sètifikasyon an.

ENFÒMASYON SOU INITE AKSESIB POU ANDIKAPE

Tip	Aksesib pou Andikape (DA) ak Pwoblèm Tande (HI)?	Kantite Douch	Gwochè Apwoksimatif (<i>kapab chanje</i>)	Lwaye*	Gwochè Minimòm Menaj	AMI	Limit Revni Minimòm
Estidyo	DA	1	455 pye kare	\$1,100	1	50%	\$29,448
1 Chanm	DA	1	503 pye kare	\$1,131	1	50%	\$31,560
Estidyo	HI	1	384 pye kare	\$1,443	1	80%	\$49,101

*50% ak 80% Pri Lwaye yo pa baze sou revni chak aplikan (sòf si yo deja gen yon koupon Seksyon 8 oswa yon lòt menm jan an). Revni minimòm pou inite 50% AMI se pou menaj ki pa deja gen yon koupon Seksyon 8 oswa sibvansyon menm jan ak sa. Lwaye pou inite 110% yo CHANJE selon revni menaj la.

Limit Revni (Limit Revni yo se Revni BRI)			
Kantite Moun nan Menaj la	Maksimòm Revni pou inite 50 % AMI	Maksimòm ak Minimòm Revni : inite 80% AMI	Maksimòm ak Minimòm Revni : inite 110% AMI
1	\$49,100	\$49,101 a \$78,300	\$78,301 a \$107,954
2	\$56,100	\$56,101 a \$89,500	\$89,501 a \$123,376

Q: Ki moun ki kalifye pou yon apatman aksesib pou moun ki andikape (DA)?

A: Dapre Aksè Lamas: Rejis Lojman Aksesib, "inite ki san baryè yo aksesib pou moun ki gen andikap ki sèvi ak chèz woulant, men moun ki gen diferan tip andikap yo kapab itilize yo tou. Pa egzanp, yon moun ki trè kout, yon moun ki gen yon blesi nan sèvo oswa yon stwok, gwo pwoblèm kadyak oswa respiratwa, oswa yon moun ki gen kapasite pou kanpe, mache, oswa pou atenn objè limite, ka itilize karakteristik konsepsyon yon inite aksesib sou chèz woulant. Yo ka mande verifikasiyon yon doktè oswa lòt pwofesyonèl medikal, yon gwoup sipò moun nan menm kondisyon an, yon ajans sèvis ki pa medikal, oswa yon twazyèm pati serye ki nan pozisyon pou konnen sou andikap moun nan. Prèv ke w'ap resevwa avantaj Asirans Enfimite Sekirite Sosyal sifizan tou.

Q: Ki jan yo bay inite ki gen aksè pou andikape ak moun ki gen pwoblèm tande (HI)?

A: Ou pral jwenn plizyè Lis Atant pou inite yo ak karakteristik espesyal nan paj 13 epi wè ki jan yo bay priyorite. Yo pral bay menaj ki gen premye pozisyon nan Lis Atant sa a premye opòtinite pou lwe apatman DA a.

Q: Èske menaj ki kalifye pou yon inite DA oswa yon inite pou moun ki gen pwoblèm tande (HI) ka aplike tou pou yon inite ki pa DA oswa yon inite ki pa HI?

A: Wi. Epi tou depann de lòd yo tire nan Lotri a, yo ka jwenn yon opòtinite pou lwe yon inite ki pa DA oswa ki pa HI anvan yo gen opòtinite pou lwe yon inite DA oswa HI, nan ka sa a yo pral oblige deside si yo vle lwe yon inite ki pa DA oswa ki pa HI oswa tann jiskaske yo gen yon pozisyon pi wo nan Lis Atant pou yon inite DA oswa HI.

Q: **Kisa k'ap pase si gen mwens aplikan kalifye ki bezwen aksesibilite pou andikape yo pase kantite apatman ki gen aksè pou moun andikape yo nan moman lotri a?**

A: Si pa gen ase aplikan ki kalifye sou Lis Atant yo pou apatman ki aksesib pou moun ki gen pwoblèm tandem yo, apatman an ap disponib pou premye aplikan ki sou Lis Atant yo ki gen menm gwosè inite yo men ki pa gen karakteristik aksesibilite pou moun ki gen pwoblèm tandem. Si finalman gen yon moun ki bezwen inite a epi genyen ki vid, yo ka deplase menaj la pou akomode menaj ki mande inite aksesib la.

Q: **Ki moun ki gen dwa mande yon aranjman rezonab ak modifikasyon rezonab?**

A: Moun ki gen andikap yo gen dwa mande yon aranjman rezonab nan règ, politik, pratik, oswa sèvis, oswa pou mande yon modifikasyon rezonab nan lojman an, lè aranjman oswa modifikasyon sa yo ta nesesè pou bay moun ki gen andikap yon opòtinite egal pou yo itilize ak jwi lojman an.

DAT ENPÒTAN

- 4 Avril 2023: Kòmansman Maketin. Peryòd Aplikasyon Lotri a pral dire 30 jou, epi li pral kòmanse nan jou Aplikasyon Lotri yo premye disponib ki ap nan dat premye piblisite yo enprime yo. Tout avi pou menaj ak òganizasyon lojman ki sou ListServ Vil la pral voye nan delè 7 jou apre premye anons enprime yo.
- 10 Avril 2023: Premye Sesion Enfòmasyon an ap fèt a 6:00 pm atravè Zoom (Ale sou zoom.com/join oswa rele (646) 558-8656 epi antre Kòd Reyinyon an: 818 9317 7595, Modpas: 088159 oubyen nan apèl konferans: 646-558-8656, Kòd Aksè: 81893177595#)
- 24 Avril 2023: Dezyèm Sesion Enfòmasyon an ap fèt a 6:00 pm atravè Zoom (Ale sou zoom.com/join oswa rele (646) 558-8656 epi antre. Kòd Reyinyon an: 818 9317 7595, Modpas: 088159 oubyen nan apèl konferans: 646-558-8656, Kòd Aksè: 81893177595#)
- 4 Me 2023 **Dat limit aplikasyon (30 jou apati kòmansman maketin): aplikasyon an dwe ranpli epi livre anvan 2 pm.** Aplikasyon ki anreta, enkonplè oswa ki soumèt pa moso, p'ap antre nan lotri a. Yo p'ap aksepte aplikasyon yo voye nan lòt imèl oswa faks.
- 31 Me 2023: Lotri a ap fèt sou entènèt (*anviwon 4 semèn apre dat limnit aplikasyon an*). Y'ap voye lyen an ak enfòmasyon bay fanmi ki aplike epi ki kalifye pou lotri a.
- 1ye Jen 2023: SEB Housing pral kontakte premye menaj ki nan chak Lis Atant yo pou kòmanse Pwosesis Sètifikasyon Pwogram (Revni ak Byen) (*imedyatman apre lotri a*)
- Jiy-Sept (anviwon.): Menaj ki sètifye nan pwogram yo pral ranpli Aplikasyon Lokasyon yo. Menaj ki apwouve nan Etap final sa a pral rezève inite yo epi siyen kontra lwaye nan anviwon 30 jou

Pou enfòmasyon ak aplikasyon pou lotri, oswa pou aranjman rezonab pou moun ki andikape, ale nan Union346@sebhousing.com oubyen rele (617) 782-6900 (x1 epi apre x1) epi kite yon mesaj.